Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!

ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 27 (7345) РУЗМАН 30 июнь 2023 сон

12+

Къурбан байрам барки

Хириял ракьцоял, хIурматиял чIарадисел!

РакI-ракIалъго баркула нужеда дунялалъулго бусурбабазул бищунго кIвар цIикIкIарал байрамаздаса цояблъун жиб кколеб Къурбан байрам. Гьелъ бусурбабазулъ рижизарула – дунял бокьи ва цоцаздехун тIалаб-агъаз гьаби гIадал тIадегIанал, лъикIал гIамалалгун хасиятал. Гьал хириял къоял ккола Маккаялде гьабураб хIежги тIубан хIажизабазул ракIал рохараб, гьез тIадегIанасе гьесул гIурхъи-рахъ лъалареб рахIму-цIобалъухъ шукру-рецц гIемер гьабулеб.

Бокьун буго гьаризе гьаб берцинаб бусурбабазул байрамалда лъикIал гIамалазгун, гьарулел ишаз гIадамал цолъизари, рекъел ва талихI. Нужер рукъзабахъ ва ракIазулъ кидагосеб рухIияб рацIцIалъи!

Биччанте нужер щибаб гали сверун кквезе талихIалъгун битIккеялъ. ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабизе хъвараб къурбанги, гьарурал дугIабиги лъикIал гIамалалги. Нужее ва гIагаразе тIадегIанас кьейги щулияб сахлъи ва рекIее парахалъи.

Гьарула гьал хириял гIидалъул къоялги Аллагь разилъуледухъ тIоритIизе нужее тIадеги къуват. Кидаго роцIараб зоб насиблъаги нужер бутIрузда тIад!

ХIурматгун,
чIарада районалъул бетIер
М.А. МУХIАМАДОВ

Рагъда хварал ракIалде щвезаруна

22 июналда Москваялъул заманалда рекъон сагIат 15 минут цоялда бугеб механда районалъул администрациялъул хIалтIухъаби, учрежденциязул ва организациязул коллективал эхетана администрациялъул минаялда цере. ТIолгороссиялъул «Минуталъулаб сихIкъотIи» акциялда рекъон 27 миллион чи ракIалде щвезавизелъун.

Данделъаразда цеве кIалъазе вахъана чIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадов.

«ХIурматиял чIарадисел, 22 июнь – ккола нилъер пачалихъалъе пашманлъиялъул ва чIегIер баялъул къолъун. Гьеб къоялда вахIшияб фашистазулаб Германия СССРалда тIаде кIанцIана. Нилъер киназдаго лъала гьеб рагъда камуна 27 миллион чи – цоял унго-унгояб рагъда, цогидал тылалда, ракъун, цIорон, концлагеразда кIвекIун… Нижеда – доб рагъда камуразул наслабазда – тIадаб буго, Бергьенлъи босарал ракIалде щвезаризе ва гьел рекIелъ цIунизе.

Жакъа Украинаялъул ракьалда унеб бугеб рагъалъ нижеда ракIалде щвезабулеб буго кинаб зарал фашизмалъ ва нацизмалъ халкъалъе гьабулеб букIарабали.

Жакъасеб къоялда дие бокьун буго тIадегIанасда гьаризе рагъ-кьалалдаса, къварилъи-пашманлъиялдаса нилъ киналго цIунун тагиян. Нижеда тIадаб буго ВатIан бокьи ва гьединаблъун гIун бачIунеб гIелги ругьун гьаби», - ян абуна районалъул бетIерас.

Тадбиралда гIахьаллъараз ракIалде щвезаруна XXI-абилеб гIасруялда бищун гIемер биял гIодор тIураб рагъда хваралги, жидерго сахлъиялъухъги балагьичIого КIудияб бергьенлъиялъе гIоло тылалда хIалтIаралги.

Хадуб акциялъул гIахьалчагIаз цадахъаб дугIа гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда ва СВОялда гIахьаллъулаго хварал ракьцоязул рухIазе. Гьединго гьарана хехго рагъги лъугIун рагъухъаби бергьенлъиги босун жиде-жидер хъизаназухъе тIадруссагиян.

Мемориалияб къоно рагьана

Пашманлъиялъул ва ракIалде щвеялъул къоялда цебе, чIарада районалъул Чидаб росулъ тIобитIана СВОялда гIахьаллъулаго гIумруялдаса ватIалъарав, хун хадуб бихьинчилъиялъул орден кьурав Расул Зиявудинов ракIалде щвезелъун мемориалияб къоно рагьиялъул данделъи.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна чIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас, росабазул поселениязул бутIруз, Расулил инсуца, гIагарлъиялъ ва росуцояз.

Дусрахъ росдал поселениялъул бетIер Эльдар МухIамадовас данделъарал гьалбазе саламги кьун, мемориалияб къоноялда бигъараб ххам тIаса бахъизе ихтияр кьуна муниципалитеталъул бетIер МухIидин МухIамадовасе ва Расулил эмен МухIамад Зиявудиновасе.

Цинги гIахьаллъараз тIугьдул лъуна рагъухъанас гIумру гьабураб рукъалъул къеда бараб мемориалияб къоноялда цере.

«Нижее киназего бокьилаан, Расул нижгун цадахъ вукIине ва жиндирго лъимал гIезаризе, амма Аллагьасул къадар батIияб букIун буго, гьев хвана бахIарчиго фашизмалдаса ва нацизмалдаса нилъерго улка цIунулаго. Жакъа дида ракIчIун абизе кIола нилъер гIолохъабаз бихьинчиго тIубазабулеб буго жидедаго тIадаб рагъулаб налъи. Нижеда бичIчIула хварасул гIагарлъиялда бугеб хIал, гьелдаго цадахъ лъазе ккола гьес жиндирго гIумру ВатIан цIунулаго кьун букIин. Гьединал бахIарзал нилъеда киданиги кIоченаро. ТIадегIанас гьезие алжан насиб гьабун батайги.

КIудияб ВатIанияб рагъул сонал ракIалде щвезарулаго цебе бачIуна нижер умумул ВатIан цIунизе араб куц. Гьезда лъалеб букIинчIо гIурус мацI ва ярагъ хIалтIизабизе. Кин бугониги, гьел ана улка цIунизе. Рагъдаса вуссинчIо 900 чIарадисев. Аллагьас гьезиеги кьейги алжаналъуб бакI. Гьал къоязда СВОялда гIахьаллъулаго нилъедаса ратIалъана жеги кIиго – 21 ва 23 сон гурони жидер гIумруялъул гьечIел, гIолохъаби. Хваразул гIагаразе гьарула сабру ва къуват. БукIаян абе Россиялъул Федерациялъул ракьалда рахIатаб ва гIодобе биччараб гIумру», - ян абуна районалъул бетIерас.

Гьеб хIурматияб ва гьелдаго цадахъ пашманаб къоялда тIобитIулеб тадбиралде рачIаразе баркала кьуна рагъухъанасул гIагарав чияс.

«Расулил эбел-инсул рахъалдаса баркала буго районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасе, гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас ва киналго гIахьаллъаразе гьава-бакъалъул лъикI гьечIел шартIазухъги балагьичIого, жакъа нижер рахъ кквезе гьанире рачIине заман батаралъухъ. ТIокIаб тIобитIизе ккогеги нилъеца гьадинаб пашманаб тадбир», - ян абуна гьес.

Тадбиралда кIалъаял гьарурал районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, ЦIуриб росдал поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ, чIарада районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизовас, росдал имам ГIусман-хIажица гьарана хварасул гIагарал-божаразе сабру ва къуват. Гьединго хехго рагъулаб операцияги лъугIун киналго нилъер гIолохъаби бергьенлъиги босун тIадруссагиян.

Хадуб Чидаб росулъа цIалдохъанас данделъаразе цIалана Расулиде гьабураб кечI.

Тадбиралъул ахиралда гьенир гIахьаллъарал киназго гьабуна цадахъаб дугIа ва бихьинал ана хобалазде зияраталъги.

РекIелъ хутIиялъул ва пашманлъиялъул къоялде

21 июналда ЦIуриб росдал Культурияб рукъалъул азбаралда тIобитIана рекIелъ хутIиялъул ва пашманлъиялъул къоялде «Пост №1» абураб акция. Тадбир тIобитIулаго КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе бараб памятникалда цебе лъуна тIугьдузул гор.

ГIахьаллъараз, гьездаго гьоркьор рукIарал лъай кьеялъул ва Культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас, ЦБСалъул хIалтIухъабаз, Культурияб рукъалъул ва ЦДОДалда лъай босулел лъималаз жидерго тарбиячагIазгун цадахъ минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъда камурал.

Данделъаразда цеве кIалъазе вахъарав районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас ракIалде щвезаруна жидерго гIумруялда ва сахлъиялда барахщичIого ВатIан цIунизе арал гIолохъаби.

Тадбир нухда бачунез данделъаразе бицана тIоцебе фашистазул Германиялъул кьаби тIаде босаразул, тылалда хIалтIаразул ва рагъул кьогIлъи бихьаразул.

Тадбиралъул ахиралда тIобитIана акция «Возложение цветов». ГIахьалчагIаз мемориалияб къоноялда цере

лъуна ЦДОДалда лъай босулез жидерго тарбиячагIазгун цадахъ хIадур гьарурал тIугьдул - гвоздикаби.

Нижеда киданиги кIочон тезе гьечIо ВатIан цIунулаго хварал. Кидагосеб рецц ва хIурмат нилъер улка чияда бараблъун гьечIолъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазе! ГIодоре къулун хIурмат гьабула гьединазул!

РакIалде щвеялъул тIугьдул

ЦIуриб росулъ лъималазул тIадеги лъай борхизабиялъул Централда тIобитIана мастер-класс «Цветы памяти». Гьенир хIадур гьаруна кагътидаса тIугьдул - гвоздикаби. Гьеб буссинабураб букIана историялда жанибго нилъер улкаялъе бищунго пашманаб - рекIелъ хутIиялъул ва пашманлъиялъул къоялде.

Тадбир тIобитIулаго мастер-класс нухда бачунел централъул мугIалимзабаз жидерго цIалдохъабазда бихьизабуна кьер бугеб кагътидаса кин гьаризе регьулел гвоздикаби, бицана щай гвоздика лъугьараб Бергьенлъиялъул гIаламатлъун ва хIукму гьабураб гьеб хасаб тIегь кьеялъе.

ЦIалдохъабаз хIадур гьарурал гвоздикабаздалъун Централда лъай босулел лъималаз жидерго мугIалимзабазгун цадахъ берцин гьабуна Культурияб рукъалъул азбаралда бугеб КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ракIалде щвеялъе бараб памятник.

Смягчение уголовной ответственности за налоговые преступления

22 марта 2023 года подписан закон, которым внесены изменения в уголовное и уголовно-процессуальное законодательство в части корректировки ответственности, предусмотренной за неуплату налогов и страховых взносов в особо крупных размерах (Федеральный закон от 18.03.2023 № 78-ФЗ). Поправки вступят в силу с 29 марта 2023 года. Так, законом сокращается максимальное наказание по следующим преступлениям:

- уклонение от уплаты налогов, сборов, страховых взносов, при непредставлении налоговой декларации (расчета), либо при включении в нее заведомо ложных сведений, а также неисполнение в личных интересах обязанностей налогового агента по исчислению, удержанию или перечислению налогов и сборов, удержанию у налогоплательщика и перечислению в соответствующий бюджет, совершенное в особо крупном размере (сумма, превышающая за период в пределах трех финансовых лет подряд 45 млн руб.) – наказывается лишением свободы на срок до пяти лет (ранее было на срок до шести лет) с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового;

- сокрытие денежных средств либо имущества организации или ИП, за счет которых должно быть произведено взыскание недоимки по налогам, сборам, страховым взносам, в особо крупном размере (свыше 9 млн руб.) – наказывается лишением свободы на срок до пяти лет (ранее было на срок до семи лет) с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового;

- уклонение страхователя-организации от уплаты страховых взносов на ОСС от несчастных случаев на производстве и профзаболеваний в государственный внебюджетный фонд путем занижения базы для начисления страховых взносов, неправильного исчисления страховых взносов, непредставления расчета по начисленным и уплаченным страховым взносам или путем включения в такие документы заведомо недостоверных сведений, совершенное в особо крупном размере (сумма, превышающая за период в пределах трех финансовых лет подряд 30 млн руб.) – наказывается лишением свободы на срок до трех лет (ранее было на срок до четырех лет) с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

Помимо этого, расширяется перечень случаев, когда уголовное дело не может быть возбуждено, а возбужденное уголовное дело подлежит прекращению. Это происходит при уплате в полном объеме сумм недоимки по налогам и страховым взносам и соответствующих пеней, суммы штрафа, если вышеуказанные преступления (кроме сокрытия денежных средств, за счет которых должно быть произведено взыскание недоимки) были совершены впервые и ущерб, причиненный бюджету, был возмещен в полном объеме. По сообщениям о таких преступлениях следователь выносит постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Разрешительные документы будут автоматически продлены в 2023

Постановлением Правительства РФ от 23 января 2023 г. № 63 «О внесении изменений в постановление Правительства Российской Федерации от 12 марта 2022 г. № 353 и признании утратившим силу отдельного положения постановления Правительства Российской Федерации от 12 сентября 2022 г. № 1589» сроки действия лицензий и других разрешительных документов будут автоматически продлены на 12 месяцев. Это касается в том числе лицензий на теле- и радиовещание, отдельных видов санитарно-эпидемиологических заключений, госрегистрации ветеринарных лекарств и разрешений на судовые радиостанции.

При автоматическом продлении разрешений лицензиатам не нужно подавать заявления, уплачивать пошлины и сборы. Госорганы сами внесут изменения в реестры и базы данных.

До конца 2023 года продлевается возможность упрощения разрешительных процедур по решению госорганов. Речь идет о сокращении сроков предоставления услуг, обязательных требований и перечня документов, предоставляемых для получения разрешений, а также о временной отмене оценки соответствия обязательным требованиям. Указанный порядок будет действовать и на территории новых регионов. Постановление вступает в силу со дня официального опубликования.

В какой срок может быть предъявлен к исполнению судебный приказ?

В соответствии с ч. 3 ст. 21 Федерального закона от 02.10.2007 № 229-ФЗ «Об исполнительном производстве» судебные приказы могут быть предъявлены к исполнению в течение трех лет со дня их выдачи.

В случае возвращения исполнительного документа взыскателю в связи с невозможностью его исполнения срок предъявления исполнительного документа к исполнению исчисляется со дня возвращения исполнительного документа взыскателю.

При этом взыскатель, пропустивший срок предъявления судебного приказа к исполнению, вправе обратиться с заявлением о восстановлении пропущенного срока в суд, принявший соответствующий судебный акт.

Прокуратура района

ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

Правила перевозки детей в автомобиле

Порядок перевозки детей на транспортных средствах прописан в Правилах дорожного движения РФ, которые утверждены постановлением правительства РФ от 23.10.1993 № 1090 (ред. от 31.12.2020) «О Правилах дорожного движения».

Несовершеннолетние пассажиры могут ехать исключительно в салоне легковой машины или же в кабине грузовика. В кузове или в прицепе транспортировать малолетних нельзя.

Как сказано в ПДД РФ, перевозка детей в возрасте младше 7 лет в легковом автомобиле и кабине грузовика, оборудованном ремнями безопасности или детской удерживающей системой ISOFIX (это встроенные в кресло металлические направляющие с замочками на конце), должна осуществляться с использованием детских удерживающих устройств, соответствующих весу и росту ребенка.

Перевозка детей в возрасте от 7 до 11 лет включительно - с использованием детских удерживающих устройств или же ремней безопасности. Однако если ребенок едет на переднем сиденье, то он обязательно должен быть закреплен детским удерживающим устройством.

Дети от 7 до 11 лет

Детей от 7 до 12 лет на заднем сиденье машины разрешается перевозить не только в детских автокреслах лицом по ходу движения, но и с использованием штатного ремня безопасности (при росте ребенка выше полутора метров). На переднем сиденье авто несовершеннолетний должен обязательно размещаться в спецустройстве.

При этом, если ребенок, которому не исполнилось 12 лет, ростом выше 150 сантиметров и весом больше 36 килограмм, пристегнут на заднем сидении стандартными ремнями безопасности, это не нарушает норм, предписанных ПДД.

Дети от 12 лет

С 12 лет детское кресло ребенку не требуется. Однако, если школьник ниже полутора метров, то использовать удерживающее приспособление нужно, пока юный пассажир не вырастет. Также стоит обращать внимание на вес. Ребенка можно пристегивать ремнем, если он весит более 36 килограмм.

12-летний ребенок, при соответствующем росте, может ездить на переднем сидении без удерживающих устройств, пристегнувшись лишь ремнями безопасностями для взрослых.

ДЕТСКИЕ КРЕСЛА И РЕМНИ БЕЗОПАСНОСТИ

Выбор автокресла по возрасту

Специальные системы для передвижения юных пассажиров видоизменяются в зависимости от возраста ребенка и веса ребенка. Ранее все устройства для перевозки детей должны были соответствовать нормам ГОСТ Р 41. 44 – 2005. Однако в 2020 году документ отменили. Теперь детские удерживающие устройства должны соответствовать Европейскому стандарту ECE 44.

Устанавливать в автомобиле детские удерживающие устройства и размещать в них детей нужно в соответствии с руководством по эксплуатации таких систем. Они могут крепиться как с помощью ремней безопасности, так и удерживающей системы ISOFIX.

Ремень безопасности на переднем и заднем сидениях

Ремнем безопасности без спецкресла можно пользоваться, когда ребенок достиг 12 лет и роста 1,5 метра. При этом школьник может сидеть как на переднем сидении, так и на заднем.

ОТВЕТСТВЕННОСТЬ И ШТРАФЫ

Штраф за перевозку детей без автокресла

Штраф за отсутствие детского кресла отличается в зависимости от того, кто совершил нарушение. Согласно статье 12.23 КоАП РФ «Нарушение правил перевозки людей», физическое лицо (например, родитель, родственник) должно заплатить 3 тысячи рублей, должностное (например, воспитатель, учитель, таксист) - 25 тысяч рублей, юридическое (например, школа, таксомоторная компания) - 100 тысяч рублей.

Возможна оплата штрафа с 50% скидкой в течение 20 дней с момента передачи гражданину постановления.

Штраф за неправильную перевозку детей

Аналогичные штрафные санкции – от 3 тысяч до 100 тысяч рублей могут наложить, если:

- автокресло явно не подходит ребенку по телосложению;
- в автокресле находится более одного ребенка;
- автокресло не зафиксировано в соответствии с инструкцией по эксплуатации.

С какого возраста можно перевозить детей без автокресла

- С 12 лет – хоть спереди, хоть сзади со штатными ремнями. С 7 до 11 – сзади и со штатными ремнями.

Правила перевозки детей на переднем сидении автомобиля

- До 7 лет – только с удерживающими устройствами, соответствующими росту и весу ребенка. Хоть в легковом авто, хоть в кабине грузовика. В возрасте 7-11 лет – только в легковых машинах с удерживающими устройствами. Маленьких детей до 2-2,5 лет рекомендуется перевозить лицом назад. Также рекомендуется отключать подушки безопасности. Они рассчитаны на то, чтобы «ловить» вес взрослого человека.

Начальник ОМВД России по Чародинскому району М.С. САЛАМОВ

Что нужно знать о весеннем призыве?



Как призывников уведомляют о необходимости явиться в военкомат?

Оповещение граждан о явке в военные комиссариаты осуществляется только путём личного вручения под подпись повесток сотрудниками военных комиссариатов или по месту работы, или учёбы призывника. Вручить повестку могут руководители, а также другие должностные лица организаций.

Каков срок прохождения службы по призыву?

Срок прохождения военной службы по призыву составляет 12 месяцев в соответствии с ФЗ №53 от 28 марта 1998 года «О воинской обязанности и военной службе».

Какие решения может принять призывная комиссия в отношении гражданина, подлежащего призыву на службу?

При призыве на службу граждан, не пребывающих в запасе, на призывную комиссию возлагаются обязанности по организации медицинского освидетельствования, профессионального психологического отбора указанных граждан и принятию в отношении их одного из следующих решений:

- о призыве на военную службу;
- направлении на альтернативную гражданскую службу;
- предоставлении отсрочки от призыва на военную службу;
- об освобождении от призыва на военную службу;
- о зачислении в запас;
- об освобождении от исполнения воинской обязанности.

Сколько раз в год осуществляется призыв граждан на срочную военную службу?

Призыв осуществляется два раза в год: с 1 апреля по 15 июля и с 1 октября по 31 декабря.

КОНТРАКТАЛДА РЕКЪОН

Кинал чагIи лъугьине бегьулел контрактникаллъун?



- Призывалда рекъон тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабулел рагъухъаби, гьеб гьабун лъугIарал, ялъуни цебеккунго хъвараб контракталъул заман лъугIарал;
- запасалда ругел гIолохъаби;
- запасалдаги гьечIел, тIадаб рагъулаб хъулухъги тIубазабичIел, тIадегIанаб лъайги бугел бихьинал;
- запасалда гьечIел руччаби;
- рагъулаб профессионалияб лъай босулел гIуцIабазул студентал;
- законалда рекъон РФ-ялъул ракьалда гIумру гьабулел ругел, къватIиса пачалихъазул гражданал.

Гьезда цере лъолел аслиял тIалабал:

- гIумруялъул 18 сон, ичIго классалдаса дагь гьечIеб лъай ва къвакIараб сахлъи.

Районалъул рагьараб чемпионат

Россиялъул тарихалда бищунго пашманал къояздаса цояб – КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб къо – рекIелъ хутIиялъул ва пашманлъиялъул Къоялде ЧIарада районалда тIоритIана гIемерал батIибатIиял ракIалде щвеялъулал тадбирал ва акциял.

Гьениб аслияб бакI ккуна районалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рагьараб чемпионаталъ. Гьеб буссинабураб букIана гьединго Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул юбилеялдеги.

Районалъул администрациялъул тадбиралдалъун тIобитIараб гьеб чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна 90-ялдасаги цIикIкIарав спортсменас. Гьел рукIана ЦIуриб, ГIириб, Кьорош школазда-са, Гъизляралдаса, Шамхал-Терменалдаса, гьединго

МахIачхъала шагьаралъул 10, 13, 22, 28, 45, 52 школаздаса ва гимназия-лицеялдаса спортсменал.

Къецазда гIахьаллъаразе саламги кьун, баркиялъул кIалъаял гьаруна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас, Совет Союзалъул БахIарчиясул вацасул вас Жамалудин МухIамадовас ва районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизовас.

ХIалуцарал кьеркьеязул хIасилазда жиде-жидер цIайиязда бергьараллъун рикIкIана ЦIуриб СОШалдаса Д. МухIамадгIалиев, Ш. Наврузов, М. АхIматIилов, А. КъурамухIамадов, М. Багьавудинов, С. Мурадов, Д. Мурадов, Р. Зиявудинов, М. КъурамухIамадов, Р. Расулов, М. Халилулаев, М. МухIамадов. МахIачхъалаялъул

№ 45 школалдаса Д. НигIматулаев ва ГIириб СОШалдаса Р. ГIабдурахIманов.

Киналго бергьаразе ва призалъулал бакIал ккуразе тадбир тIобитIаразул рахъалдаса кьуна кубокал, медалал, дипломал ва гIарцулал сайгъатал. ТIадеги гIарцулал сайгъатал кьуна ДРялъул Халкъияб Собранияльул депутат МухIамад СагIдулаевас ва Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул вацасул вас ХирамухIамад РахIматулаевичасги.

Къецазул гIахьалчагIаз баркала кьуна гьеб гIуцIаразе, тIаде балагьизе рачIаразе, судьябазе ва гьеб тадбир тIобитIиялъулъ кинабгIаги бутIа лъуразе.

Каспийск школалъул коллектив ЦIуриб гьоболлъухъ

Дагьал къояз цебе нилъер районалда тIобитIана Каспийск ва ЦIуриб школазул коллективазул гьудуллъиялъулаб дандчIвай ва ккана гIадатияб, аваданаб ахIвал-хIалалда лъайхъвай.

Каспийск школалъул директорасул заместитель Чинара Халиловалъул рагIабазда рекъон дандчIваялъул аслияб мурад букIана, цохIого кIиябго коллективалъул лъай-хъвай ва цоцазул хIалбихьи лъазаби гуребги, унго-унгояв БахIарчиясул ВатIаналъулгун, гьесул гIагарлъиялъулгун лъай-хъвай гьаби. ДРялъул мустахIикъай поэтесса, Дагъистаналъул литератураялда цIар рагIарай Фазу ГIалиевалъ жиндир хIакъалъулъ рекIее гъваридаб асар гьабулеб поэма хъварав БахIарчи АхIмад цIаларав ва гьесул цIар кьураб школа бихьизе щвей.

«Щибниги жо гIумруялда лъугьунаро ракIалда гьечIого, гьедин хъван букIун батила мугIрузул росулъа вас рагъде ине ва гьенив БахIарчилъун вахъине. ЦIакъ кIудияб рохел буго жакъа гьесул наслуялъул чагIигун дандчIвазе ва гьезулгун лъай-хъвай гьабизе щвеялдаса. Биччанте гьаб жакъасеб къоялъул накIкI гIадин щущан ине нилъеда тIад рекIарал захIмалъаби ва бакIлъиял. Кидагосеб рецц ва хIурмат нилъер бахIарзазе. Нижеца кидаго рекIелъ цIунила ва наслабаз наслабазухъе кьела гьезул бахIарчиял ишал», - ян абана Чинара Халиловалъ.

БахIарчиясул вацасул вас, ЦIуриб СОШалъул вукIарав директор Жамалудин МухIамадовас АхIмад ГIабдулмажидовасул гьунаралъул, гьесул къокъабго гIумруялъул бицараб кIалъаялъ гIахьалчагIазул рекIее асар лъугьинабуна.

«Дидаго гьев лъалев вукIинчIо, херазул биценалда рекъон жиндирго цIакъго гьитIинаб гIумруялъухъги балагьичIого АхIмад жиндиего бокьун ун вуго КIудияб ВатIанияб рагъде ва хадув вахъун вуго БахIарчилъунги. Жакъасеб дандчIваялда хурхун абизе бокьун буго гьаб нилъер дандчIвай батаги гIемеразул цебехъанлъун. КIудияб баркала буго нужер коллективалъе АхIмад ГIабдулмажидовасдехун гьадинаб адабияб, хIурматияб бербалагьи гьабулеб букIиналъухъ», - ян абуна Жамалудиница.

Гьалбал щвана ЦIуриб школалде, гьелъул директор Аминат Ярбиловагун хал гьабуна киналго кабинетазул, коридоразда ран ругел суратазул. Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул памятникалда цере рахъана ракIалде щвеялъе суратал. Хадур ана чIарадисезул рохьоре. Гьалбазе кутакалда рекIее гIуна гьениб бугеб берцинаб тIабигIат. Гьезда дандчIвай гьабуна миллиял кванилал нигIматаздалъун, цIадуда тIад гьабураб пловалдалъун, магIарул хинкIаздалъун ва хасго каспиялъулал рази гьаруна цIадалаб къоялда хинлъизарулеб самоваралъуса бухIараб чаялъ.

Данделъиялъул ахиралда киналго гьалбал ахIана бахIарчиясул гIагарав чи ХирамухIамад ГIабдулмажидовасул рокъоре. Гьев живго цо хасал гIиллабаздалъун Дагъистаналда вукIинчIо. Кин бугониги, гьесул рахъалдаса гьалбазе саламгун цадахъ ракIалде щвеялъе сайгъаталги кьуна.

Баян гьабила: Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул цIар Каспийскиялъул № 5 школалъе кьуна 2022 соналъул 9 декабралда.

Авар кицаби ва абиял

- Хунздерил гIадат хвани, гIандалазул балъ холеб.
- Хур бухIаниги, бакъ, рукъ бухIаниги, цIа.
- Хур гуккуге, гьолъ мун дагьавги цIакъ гуккизе гурин.
- Хур гьоркьехун лъикIаб, рукъ тIадехун лъикIаб.
- Хурги дуцаго бекье, гьабихъеги мунго а.
- Хурде туманкI кьвагьани, гьолъ нилъеде гIарада кьвагьула.
- Хуриб тIепаб, тIохда ганжаб гамачI тоге.
- Хурибе ккараб хIамица кIал кIудияб цIола.
- Хурибе хьон, хьагинибе хинкI.
- Хуриш бокьилеб, хурлъун дунищ?
- Хурул хьон боцIийила, боцIул хьон рагIийила.
- Хурулги рукъзабазулги бутIа бакьулъа босе.
- Хурулги хьолболги цIину лъикIаб.
- Хух кодобе босани, куй гIодобе биччазе ккола.
- Ххунги ччунги ярамас.
- Хъабчида рекъараб рукъи камиларо.
- Хъазихъего къвакъвадун, къадкил кIал бихъарабила.
- Хъархъилъ гIанкI букIаго цIеда гереги лъоге.
- Хъат цIун цIан чIикIарас гел цIун лъин гьекъезе ккола.
- ХъахIаб гIарац чIегIераб къоялъе къваригIуна.
- ХъахIаб чол чIоло заманалда къай.
- ХъахIаб чоцаги, къоролалъул васасги рагъда къо хIехьоларо.
- ХъахIал кверазе хIалтIи бокьуларо.
- ХъахIал кверазе чияр захIмат бокьула.
- Хъвезе кьарияб бокьулеб, квине хIалакъаб бокьулеб.
- Хъизаналъул гIайибал гIадамазе гьурщуге.
- Хъизаналъул рокьи – рукъалъул хазина.
- Хъирис бараб чу хъирис бараб чода лъулъалеб.
- Хъукь бекьараб бугIаялдаса цудун бекьараб богIол накку лъикI.
- ХIалихьатил хIетIе нахъе кколеб, квер цебе кколеб.
- ХIалтIарасда лъала ханкIазул тIагIам.

ЧIАРАДА
БетIерай редактор
Земфира МухIамадова
Жавабияв секретарь
Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор
Манарша Расулова
Корреспондент
Шахзанат Шамсудинова
Набор - ИрайсатМухIамадгIалиева
Редактор-стилист
Аминат ГIабдурахIманова

Газета гIуцIарал:
«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель:
Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ООО яльул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес